



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK REPREZANTAN TONKO MANDE ADMINISTRASYON TRUMP LA POU DEBLOKE ASISTANS FEDERAL POU CHOF AJ POU 1.5 MILYON NOUYÒKÈ

Administrasyon Trump la dwe debloke rapidman 400 milyon dola nan fon federal pou pèmèt Nouyòkè yo kòmanse aplike pou asistans chofaj anvan 24 novanm

Nan mitan reta ki ranpli ak lawont nan finansman federal yo, Gouvènè a ankouraje plis Nouyòkè pou enskri nan pwogram eta a ki bay jiska 500 dola nan rabè anyèl sou bòdwo enèji yo

Pwogram Eta a deja bay rabè pou apeprè yon milyon fwaye; Otorite Eta yo estime ke gen 1.5 milyon fwaye ki kalifye

Vizite [sitwèb Eta a](#) isit la pou aprann plis sou kalifikasyon ak enskripsyon

Gouvènè Hochul ap ogmante kalifikasyon pou rabè sou bòdwo enèji an 2026

Gouvènè Kathy Hochul ak Reprezantan Paul Tonko jodi a mande pou Administrasyon Trump la debloke 400 milyon dola nan fon federal ke 1.5 milyon Nouyòkè ap konte sou yo pou ede chofe kay yo sezon ivè sa a. Menm lè gouvènman federal la re-ouvri, Administrasyon Trump la poko debloke lajan pou Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) ki finance pa gouvènman federal la. Eta Nouyòk la ap pare pou louvri pwogram nan pou aplikasyon yo nan dat 24 novanm, men li pral posib sèlman pou kòmanse aksepte aplikasyon yo si gouvènman federal la fin bay lajan an nan jou k ap vini yo.

"Se yon wont Administrasyon Trump la ap menase pou fè Nouyòkè yo peye plis pou bòdwo chofaj yo sezon ivè sa a — epi m ap egzije pou yo debloke lajan federal imedyatman pou ede 1.5 milyon Nouyòkè chofe kay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen p'ap janm sispann goumen pou abòdabilite, e se poutèt sa ekip mwen an ap ede plizyè milyon lòt Nouyòkè enskri nan pwogram eta nou an pou yo ka jwenn rabè sou enèji chak mwa."

Nan mitan reta kontinyèl sa a nan finansman federal yo, Gouvènè Hochul te ankouraje plis Nouyòkè pou enskri nan Pwogram Abòdablite Enèji (Energy Affordability Program,

EAP) Eta Nouyòk la, ki bay jiska 500 ndola an rabè anyèl sou bòdwo enèji. EAP Eta a deja sèvi apeprè yon milyon fwaye nan tout eta a, men otorite eta yo estime ke apeprè 1.5 milyon fwaye anplis ki kalifye pou resevwa yon rabè. Nouyòkè yo ka vizite ny.gov/EAP pou aprann plis sou kalifikasyon ak enskripsyon.

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), Barbara C. Guinn, te deklare, "Fwaye ki depann sou HEAP yo, pifò ladan yo gen ladan yo yon moun ki se yon granmoun aje, yon timoun piti oswa yon moun ki andikape, te deja oblije tann twò lontan pou asistans vital sa a pandan jounen ak nuit ki pi frèt yo ap vin pi komen. Reta gouvènman federal la pran pou l debloke finansman federal pou HEAP la kreye yon ensètitud ki pa akseptab pou fwaye sa yo ki oblije tann asistans finansye pou ede chofe kay yo pandan yon peryòd pri enèji k ap monte. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou efò li fè pou jwenn finansman HEAP epi ede fwaye yo diminye depans enèji yo."

Mandepou yo debloke fon federal HEAP yo

Akòz fèmten gouvènman federal la, ki fini kounye a apre yon peryòd rekò 43 jou, kapasite Nouyòk pou ouvri pwogram HEAP li a ki finanse pa gouvènman federal la te retade plizyè semèn. Pwogram sa a, finanse pa gouvènman federal la, pa ka kòmanse resevwa epi trete aplikasyon oswa fè peman toutotan gouvènman federal la pa bay Nouyòk finansman nesèsè a. Sou direksyon Gouvènè Hochul, Biwo pou Èd Pwovizwa ak Enfimite Biwo pou Èd Pwovizwa ak Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta Nouyòk la ap pran tout mezi ki nesèsè pou prepare pou ouvèti pwogram HEAP la pou aplikasyon yo nan dat 24 novanm, annatandan yo resevwa lajan federal yo, ki gen ladan pwogramasyon peman HEAP yo.

Si Administrasyon Trump la pa debloke fon sibvansyon federal pou HEAP anvan 24 novanm, ouvèti pwogram nan ap kontinye retade. Aksyon Gouvènè Hochul yo asire OTDA ap pare pou ouvri pwogram nan pou aplikasyon nan 48 èdtan apre li fin resevwa lajan sibvansyon an, pou Nouyòkè yo ka jwenn aksè ak benefis chofaj yo pi vit posib.

Ankouraje plis Nouyòkè pou enskri nan EAP Eta a

EAP Eta a separe de HEAP federal la. EAP Eta a bay rabè chak mwa sou bòdwo enèji pandan tout ane a pou fwaye yo atravè Nouyòk. Pwogram sa a pèmèt jiska 500 dola ekonomi chak ane pou chak fwaye.

Elijibilite pou EAP la baze sou revni fwaye a. Pa egzanp, yon fanmi ki gen kat moun kalifye pou enskri nan EAP si revni fwaye a rive jiska 80,160 dola pa ane. Yon fanmi senk moun kalifye si revni fwaye a rive jiska 92,988 dola pa ane.

EAP Eta a deja sèvi apeprè yon milyon fwaye nan tout eta a, men otorite eta yo estime ke apeprè 1.5 milyon fwaye anplis kalifye pou enskri epi resevwa rabè. Nouyòkè yo ka enskri nan EAP dirèkteman atravè founisè enèji lokal yo a.

Nouyòkè yo ka vizit ny.gov/EAP pou aprann plis sou kalifikasyon ak etap pou enskri nan pwogram nan.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap elaji kalifikasyon revni pou EAP Eta a an 2026 pou asire ke plis fwaye atravè Nouyòk ka kòmanse resevwa rabè enèji nan ane k ap vini an. Gouvènè a ap kontinye bay Nouyòkè yo mizajou sou sa nan semèn k ap vini yo.

Pwoteje Rabè EAP pou Nouyòkè yo

Reta nan finansman federal HEAP la te menase tou pou retire anpil Nouyòkè nan benefis EAP Eta yo. Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la estime aksyon kriyèl sa a ta lakòz plizyè dizèn milye kliyan pèdi otomatikman benefis EAP yo chak mwa si Eta pa pran okenn mezi. Sa a se paske pifò kliyan rezidansyèl nan EAP yo enskri otomatikman nan pwogram nan apre konpayi chofaj yo resevwa yon sibvansyon HEAP nan non kliyan an, ke konpayi sèvis piblik la kredite sou fakti sèvis piblik kliyan sa yo. Anjeneral, pifò konpayi sèvis piblik yo prevwa ke kliyan sa yo ap rete enskri nan EAP sèvis piblik yo toutotan yo te resevwa yon sibvansyon HEAP nan 12 mwa anvan yo.

Reta sa a nan fon federal pou HEAP ak pèt rabè sou fakti EAP yo an menm tan an ta fè sèvis piblik yo pi chè pou kliyan sa yo pandan sezon chofaj ivè k ap vini an. Tanperati yo kontinye ap bese toupatou nan eta a, gen kèk jou ki rive anba zewo degre, sa ki ogmante bezwen pou asistans chofaj pou pwoteje sante ak sekirite fanmi yo ak fwaye yo nan tout eta a.

Se poutèt sa Gouvènè Hochul te pran mezi pi bonè nan mwa sa a pou asire ke Nouyòkè k ap lite pou peye fakti yo sezon ivè sa a ap kontinye resevwa rabè sou HEAP yo malgre mekanste Repibliken Washington yo. San aksyon Gouvènè a, plizyè milye nan fwaye sa yo t ap otomatikman pèdi rabè EAP novanm yo a, piske enskripsyon nan EAP la lye ak enskripsyon nan HEAP pou anpil fwaye atravè eta a.

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "HEAP bay yon liy sovtaj vital pou anpil fanmi isit la nan Nouyòk ak atravè peyi a ki toujou ap lite pou fè fas ak pri k ap monte pou chofaj kay ak lòt nesese debaz yo. Echèk administrasyon Trump la pou l pa debloke finansman pou HEAP la se yon lòt egzanz ankò ki montre kijan Repibliken yo te itilize fèmti gouvènman an kòm zam pou fè Ameriken k ap travay yo ki pi soufri ak kriz abòdablite Repibliken yo te kreye a mal. Pandan Eta Nouyòk ap fè tout sa ki nan pouvwa li pou diminye domaj ki soti nan neglijan Pati Repibliken an, aksyon federal la rete esansyèl pou sipòte fanmi yo isit la nan Rejyon Kapital nou an ak odela. Jodi a, mwen fyè pou m mete tèt ansanm ak Gouvènè Hochul pou mande administrasyon Trump la pou l debloke lajan sa yo ki nesese anpil la imedyatman pou Nouyòkè yo ka chofe kay yo sezon ivè sa a."

Senatè Eta Patricia Fahy te deklare, "Premyèman nou te wè gouvènman federal la transfòme grangou kòm yon zam, e kounye a nou wè yo transfòme fredyèl a kòm yon zam kont travayè yo ak fanmi yo. Nouyòkè ki konte sou HEAP yo pral santi efè sa a menm jan ak moun ki konte sou SNAP yo, epi gouvènman federal la gen yon gwo

responsablite pou l debloke lajan ki nesese pou asistans enèji a. Tanperati yo kontinye ap bese, epi Nouyòkè yo enkyè. Mèsi Gouvènè Hochul paske li adrese pwoblèm sa a rapidman epi li mande gouvènman federal la pou l bay asistans federal pou chofaj ke Nouyòkè yo bezwen anpil la."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "HEAP se yon pwogram enpòtan ki ede fanmi yo peye bòdwo enèji yo. Malerezman, asistans sa a nesese kounye a plis pase avan, paske pri sèvis piblik yo kontinye ap monte pou plizyè rezon. Kounye a se pa moman pou ranvwaye sipò a, se moman pou akselere li. Mwen sipòte totalman apèl Gouvènè Hochul la pou akselere èd sa a, sitou paske nou deja fè eksperyans anpil nuit nan fredri, ak tanperati ki ap vin pi ba toujou."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "HEAP ede plis pase 1.5 milyon Nouyòkè kenbe chofaj ak limyè yo limen pandan mwa ivè yo. Akòz fèmti gouvènman federal la, Eta Nouyòk toujou ap tann finansman federal esansyèl ki nesese pou kòmanse trete aplikasyon HEAP yo. Mwen kanpe avèk Gouvènè Hochul pou m ankouraje administrasyon Trump la pou l debloke imedyatman 400 milyon dola finansman HEAP nou an pou asire ke gaz chofaj la livre, evite koupi nan sèvis piblik yo, epi pwoteje sante ak sekirite vwazen nou yo ak fanmi nou yo."

Manm asanble Gabriella A. Romero te deklare, "Pandan tanperati yo ap bese, Nouyòkè yo pa ta dwe rete nan fredri paske gouvènman federal la refize bay asistans chofaj ki nesese an ijans. Reta Administrasyon Trump la mete sekirite fanmi yo atravè eta nou an an danje, sitou fwaye ki gen revni mwayen ak granmoun aje ki konte sou HEAP pou rete cho. Mwen kanpe avèk Gouvènè Hochul pou mande liberasyon imedyata dola federal sa yo epi pou elaji aksè ak pwogram eta ki ede fanmi k ap travay yo peye bòdwo enèji yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)